


Zanmi Ede Zanmi
Yon istwa ekri pa Holly Keller
Genre: Fantezi/Fantasy



Kesyon Esansyèl: Kòman yon zanmi ka depann sou yon lòt zanmi.

Vwala se te Konpè Sourit kite antre anba fèy pou l te kapab kache pou Konpè Koulèv.



Li te Pè Konpè koulèv paske Konpè Rena te di l koulèv konn atake sourit. Konpè Erison (Hedgehog) vin parèt epi l di:.



«Konpè Sourit, poukisa w ap kache anba fèy yo?»

«M ap kache pou Konpè Koulèv,..»
Konpè Sourit di.

«Konpè Koulèv se zanmi w li ye. Li pap janm atake w.» Konpè Erison di l.

Pandan konpè Erison ak Konpè Sourit fin pale, yo tou de fon sòti pou y al pwomennen. Pandan y ap pwomennen, Konpè Sourit te toujou **enkyè**. Li t ap gade tout kote men li pa t prete atansyon sou kote li t ap mete pye l. Nan pwomennen sa a li rive frapre pye l.

Li tonbe nan yon

twou.



Li pat kapab sòti. Konpè Erison pran chechè sekou. Li wè Konpè Ekirèy epi l di l:

«Konpè Sourit tonbe nan yon twou li pa kapab sòti. Ou kapab al chèche l souple?»

«Li fè twò nwa andedan twou a, epi li kapab genyen areye,» Konpè Ekirèy di Konpè Erison.

Konpè Erison wè Konpè Lapen. Li mande l sekou pou Konpè Sourit.



«Twou a twò fon, mwen pap kapab sòti. Epitou mi an twò dwat, mwen pap kapab sote pou m sòti,» Konpè Lapen di Konpè Erison. «S ak fè ou pa l ede l ou menm? »

«Mwen pap kapab paske l ap pike s il monte sou do m.» Konpè Erison di l.

Konpè Sourit kòmanse pi enkyè. Li pran kriye nan twou a.

Pandan konpè Erison ap pale ak Konpè Lapen, li tande yon ti mouvman anba pay la. Se te Konpè Koulèv, zanmi Konpè Sourit.



Konpè Koulèv, Zanmi Konpè Sourit.

Konpè Erison rakonte l sa k pase Konpè Sourit.

«M pwa l chèche l,» Konpè Koulèv di.

«Se pa yon bon ide,» Konpè Erison di.

«Se pa yon bon ide? Poukisa?»
Konpè Koulèv mande ak yon **etonman**.

«Se ou menm Konpè Sourit pè se sa k fè nan mache l ap gade tout kote si l pat wè w. Li pa gade kote l t ap mete pye l, sa koz li tonbe nan twou a.»
Konpè Erison di.

«Mwen menm li pè! Poukisa? M kwè se zanmi m li ye.» Konpè Koulèv di.

«Enben se Konpè Rena ki fè l konnen koulèv konn atake sourit.»

«Menm si Konpè Rena di l sa m pwal chèche l kanmenm.» Konpè Koulèv di.

Se konsa Konpè Koulèv fè Konpè Erison mare yon bwa nan ke l epi l

file nan twou a. Konpè Sourit kenbe bwa epi Konpè Koulèv rale l monte.

Konpè Sourit te tèlman kontan. Li fè Konpè Koulèv kado yon bèl bouke flè.



3. Kisa k te pase lè Konpè Sourit te sòti nan twou a?

Ann reponn kesyon yo daprè istwa.

1. Kòman Konpè Sourit santi l nan twou a?

2. Kòman kònpè Koulèv te rive ede Konpè Sourit sòti nan twou a?
